

Стр. 2

ПИКРУ

**Нилъер мугIрузда гIиги гIухьбиги рекъарал гьечIищ?**

ИСЛАМ

**Хъанчидаса цIва-моцIалде нух**



Стр. 2


# ЛЪАРАТIА



ЛъаратIа районалъул газета

№ 3 * февраль 2017 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.


*спорт*

## Гугарухъаби – Дагъистаналъул чемпионал

**Февралалъул 12 абилеб къоялъ Каспийскиялда тIобитIана эркенаб гугариялъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпионат. Гьениб гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул Гъоркьнуб росулъа Мурад КъурамухIамадовас.**





Мурад КъурамухIамадов



ХIамзат Къебедов

Гьел къецазда тIоцебесеб бакI ккурал спортсменаз гIахьаллъи гьабизе буго Шималияб Кавказалъул округалъул къецазда. Мурадица гьабуна ункъо дандчIвай ва киназдаго тIад бергьенлъиги босун вахьана Дагъистаналъул чемпионлъун. Живго спортсменасул рагIабазда рекъон, бищунго хIалуцараблъун лъугьана гьесие ахирисеб финалияб дандчIвай. Финалалда гьесда данде вукIана Хасавюрталдаса речIухьан, Тимурлан Свелиманов.

«Ахирисеб дандчIвай букIана бищунго хIалуцараб. Дида гьев цевеккунги лъалаан, дунго гIадин Хасавюрт шагьаралда Шамиль ГIумахановасул цIаралда бугеб школалда хIадурлъулев вуго гьев. Ахирисеб дандчIваялъул цIакъ кIудияб жавабчилъи букIиналда бан нижер кIиявго цIакъ мухIканго, цIодорлъи гьабун гугарулел рукIана. Гьелъ хIасилги лъугьана 3-3 хIисабалъул».

Судиязул хIукмуялда Мурадил гьужумал гIемерал рукIиналъ гьесие кьуна тIоцебесеб бакI, ахирисеб балл дандеяс босаниги. Баркула нилъер районцоясда кIудияб бергьенлъи. Гьарула гьесие жеги чIахIиял бергьенлъаби ва хадусел къецазда битIккей.

Цойги республикаялъул чемпион вахьана 6 абилеб февралалда Каспийск шагьаралда тIоритIарал къецазда. Гьениб унеб букIана 16 сон барал гIолилазда гьоркьоб гугариялъул республикаялъул чемпионат. Гьениб гIахьаллъи гьабуна нилъер ракьцоясь, Гьиндиб росулъа гIолохъанав спортсмен ХIамзат Къебедовас. Гьев цеве вахьана 120 кг цIайиялда. Лъабго дандчIвайги бергьун гьес босана тIоцебесеб бакI. Финалалда гьев цеве вахьана МахIачхъалаялдаса спортсмен, Саид Гъаирбековгун ва заман лъугIилалдего ракI чIараб бергьенлъиги босун гьев вахьана Дагъистаналъул чемпионлъун. Нижеца цIех-рех гьабуна ХIамзатида кигIан захIматал ва хIалуцарал рукIарал къецал ва сунца гьев бергьенлъиялде вачарав?

«Дун гьитIинаб заманалдасаго нахъе хIадурлъулев вукIана кIудиял къецазде. Нилъеда лъала эркенаб гугари Дагъистаналда кигIан цебетIураб букIин. ГIицIго Дагъистаналъул чемпионаталда гIахьаллъизе ккани кьваригIуна кIвахI тун, гIетI тIун щибаб къоялъ хIадурлъизе. Гьел къецазда чIел босизе ккани цохIо залалда тIураб гIетIалъ кумек гьабуларо. ГIолохъанал спортсменазе бищунго хIажатаб жо буго ургуялде вахъунеб мехалъ бергьенлъиялда ракIчIей. Гьелъ кIудияб кумек кьола. Нижер тренерас спортсменал малъула гIицIго кьуват гуреб, жиндаго жиндир ракI чIун, вихха-хочи жиндилъ къезабун гугаризе. Гьелъ вачана дун бергьенлъиялде. Дие бищунго захIмалъана кIиабилеб дандчIвай, щивав цеве вахъулев спортсменасда лъала финалалда гугаризе щвеялъул бугеб кIвар. Гьедин щолеб буго гугаризе хIалбихьиги».

Гьединго ХIамзат Къебедовас гIахьаллъи гьабуна январалъул ахиралда МахIачхъала шагьаралъул чемпионаталдаги. Гьениб тIоцебесеб бакIги ккун щвана гьесие ихтияр Дагъистаналъул чемпионаталда гIахьаллъизе.

*экономика*

## МугIрузул нигIматал

*Ландаса векьарухъанасда ракIалда буго районалъе гIураб хъапустан бекьизе*



**Ахирал соназда республикаялда цIикIун кIвар кьолеб буго росдал магIишат цебетIеялде. Гьелъул бицунеб буго районалъул ва республикаялъул батIи-батIиял данделъабазда.**

Республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIипов гъоркьисеб соналъ ЛъаратIе щварабго гьес бицана, мугIрузул росабазда росдал магIишат цебетIей цIакъго хашаб хIалалда бугин. Гьеб цебе тIезабизе кьурал хасал тIадкъаязул тIалабазда рекъон киналго хIалтIулел гьечIин. ГIицIго пенсияги босун рокъор чIун ругин районцоял. Руго нилъер районалда дагьал ругониги росдал магIишаталда тIад хIалтIи гьабун, гьелдаса хайир балагьулел чагIиги. Гьезул цояв - Ланда росулъа ГIабдурахIман Шамилов. Гьес гIезабулеб буго хъапустан.

Руго щибаб районалда росдал магIишат цебетIеялъе гIуцIарал программаял, гьединго республикаялдаса тIадкъаял, хасго араб соналъ букIана росдал магIишаталде кIвар цIикIинабун, «мугIрузул сон» букIиналда бан. Амма цIакъ дагьал гурони гьечIо, кагътида гурел, хIакъикъиякъаталдаги бихьун, цебе чIараб хIалтIи гьабулел чагIи. Нилъер районалдаги гьединал чагIазул къадар килщал регун рикIкIине бегьула. Ландаса ГIабдурахIман Шамиловас гIезабулеб буго жиндир росулъ 70 сот. ракьуда тIад хъапустан. 2010 абилеб соналдаса нахъе хIалтIулев вуго гьев хъапустан гIезабун. Гьес абулеб буго тIолабго районалъе гIураб хъапустан чIезабизе бегьулила, гьеб хIалтIуе хIукуматалъ биччараб гIарац бугони. Гьоркьохъев бизнесменасул рес гьечIила кредит босичIого хъапустан гIезеги гьабун, киса-кибего районалде гьеб щвезабизе. ХIукуматалдаса кредит щвезеги цIакъ захIматаб бугила.

«Дица гьеб хIалтIи гьабизе байбихьун сверана анлъго лъагIел. 2013абилеб соналъ дица бергьана грант 200 азарго гъуруш гIарац. Гьебги районалъул нухмалъи нижер росулъе щун хадуб, гьезда гьабулеб хIалтIи бихьун, гьезул кумекалдалъун щвараб гIарац букIана. ТIоцебе бизнес байбихьулев чияс кьолеб буго хIукуматалъ гьедигIанаб къадаралъул гIарац. Законалда рекъон хIукуматалъ хъапустан гIезабиялъе бихьизабураб гIарац гьечIо. Гьелъ захIматго буго щибаб соналъ продукти бичун, гьелдаса щвараб гIарцухъ цIияб хIалтIи байбихьизе. Кинабниги дица хвезабуна цо миллион гъуруш гIарац. ГьабсагIаталдаги дие хайир цIакъ дагьаб гурони гьечIо, амма дица хIалтIи гьоркьоб къотIизабизе течIо цониги соналъ, щайгурелъул тIолабго районалда лъалеб буго дица хъапустан гIезабулеб букIин, гьеб хIалтIи гьоркьоб къотIизе тани, киналго дихъе хъапустан босизе щолел чагIи тIагIина. Бизнес байбихьулев чияс гьеб щвалде щвезабизе ккола, тIоцебе гьелъ зарал кьолеб бугониги. ЦIакъго кIудияб захIмат буго тIоцебе хIалтIи гIуцIизе, хадуб векьарухъанасул хIалтIи гурони тIокIаб захIматаб жо гьечIо. ТIокIаб хайир дие щвечIониги, лъималазе хIадурараб, щвалде щвараб хIалтIи букIина».

Гьединго ГIабдурахIманил рагIабазда рекъон, кколеб къагIидаялъ гьеб бизнес гьабизе ккани хIажалъула лъикIаб машина, киса-кибего районалде продукт щвезабизе ва гьединго кIудияб склад, цо температураялъул гьава жаниб цIунулеб. Гьеб мехалъ рес бугила тIубараб лъагIелалъ гьоркьоса къотIичIого районалъе продукт чIезабизе. Гьеб гуреб, магIарухъ хъапустан гIезабеялъе бугила кIиго батIияб гIилла. Росулъ гьелъие гIураб лъим буго, цо нухалъ шлюзги рагьун гIураб къадаралъул лъим биччан лъалъазе ва гьаниб кинабгIаги хIажалъи гьечIо батIи-батIиял химикатал гъорлъе журан гьеб цIунизе. ГIатIиракьалда химия гьорлъ жубачIого гьеб гIезабизе кинабгIаги рес гьечIо. Бищунго кIвар бугеб жо бугила халкъалъе бацIадаб продукт кьей, кинабгIаги гьорлъ химия жубачIеб. Гьелъ рес кьолеб буго ракIбацIадго гьеб бичизеги, гьелъул бренд районалда цIунизеги. ГIабдурахIманица щибаб лъагIалида цIигьабула ракь бацIадаб удобренияги тIамун. Гурони ракь херлъулеб бугила цо лъагIалида жаниб. Бугила гьелъие цоги батIияб рес. Щибаб лъагIалида батIи-батIияб продукт гьениб гIезабуни гьелъ ракь цIунула. Амма гьесие бокьун буго киса-кивего машгьурлъизе хъапустан бекьулев векьарухъан хIисабалда».

Расул АБАКАРОВ

*тIабигIат*

# Леопардазе цIияял шартIал

*ХIукуматалъ ЛъаратIа заказник гIатIи гьабулеб буго*

Улкаялъул тIабигIат цIуниялъул министерствоялъ ва тIолгодунялъул гIалхулаб тIабигIаталъул фондалъ (WWL - Всемирный фонд дикой природы) гIуцIулеб буго республикаялъул лъабго батIияб заказникалда Цебесеб Азиялъул леопардал хьихьулеб центр. Гьединаб баян кьолеб буго «Новое дело» газеталъе республикаялъул тIабигIат цIуниялъул министерствоялъул къанагIатал рухIчIаголъаби цIунулеб отделалъул нухмалъулев, ХIусен Ибрагьимовас.

Исана рагIалде бахъизе буго ЛъаратIа заказникалда тIаде КIособ-Къелеб ва БежтIа участокал кьеялъул суал. Гьелъ рес кьолеб буго леопардалъе чан гьабизе бигьалъи букIине. Гьеб программаялъе хасаб бербалагьи гьабулеб буго 2017 абилеб сон республикаялда экологиялъул сонлъун лъазабиялда бан. Леопардал гIезариялъул хасаб фондалде гьорлъе лъугьун буго республика кIиго соналъ цебе нилъер районалда къанагIатаб жанавар батараб мехалъ. Гьеб нилъер районалда батизегIан Цебесеб Азиялъул леопард абураб рухIчIаголъи дунялалдаса тIагIараблъун рикIкIунеб букIана. Гьелъул хIакъалъулъ нижеца цебеккунги хъван букIана. (№21 декабрь 2015с).

ХIусен Ибрагьимовасул рагIабазда рекъон, заповедникалда тIаде щвезе буго 300 азарго гектар. Гьеб бугила кIудияб кумек республикаялда рухIчIаголъаби гIезариялъи.

«ГьабсагIаталда халкколеб буго кигIан ва щиб тайпаялъул рухIчIаголъаби ругел заказникалда леопардалъе квание. Инсанасе гьездаса кинабгIаги хIинкъи гьечIо, гьезул горбода ххурал хасал датчикал рукIине руго нахъ хал ккезе. Гьеб проект гIуцIиялъ кIудияб кумек кьолеб буго Дагъистаналда катил тухумалъул рухIчIаголъаби гIезаризе»,- ян абуна ХIусен Ибрагьимовас.

ГIалимзабазул пикруялда рекъон леопард нилъер мугIрузда батиялъе гIилла бугила ахирал соназда мугIрузул районазда дагьаб гIазуги бан, хинаб хаселги букIун ва гIадамал гIемер гIатIиракьалде гочи. Араб соналъул ихдал зоологаз фотокъорал (фотоловушка) рекъезаруна заповедникалда. Гьел аппаратаз рахъал сураталги руго леопардалъул. Исанасеб соналъ хIукуматалъ цIияб заповедник гIуцIулеб бакI лъазабизе ва цIунизе биччан буго кIиго цIияб автомашина ва гьединговги хIалтIухъаби тIаде росулел руго.

ЛъаратIа заказникалъул кIудияв инспектор Бадрудин Мусаевасулгун пикруялда рекъон, заказникалъе тIаде территория цIикIинабиялъул руго цокIо квешал рахъалги. Гьелъ квал-квал гьабизе рес бугила гIи-боцIи гочиялъе, цIул къотIиялъе ва гьединго эркенго рохьор ва мугIрузда хьвада-чIвадиялъе.

«ЛъаратIа заказникалда тIаде КIособ-Къелеб, БежтIа заказникал журани гьелъ жанире рачине руго гIемерал ракьал, гьелъ квал-квал гьабизе бегьула хъуталалде нахъе гочунел гIияе, щайгурелъул заказникалъул территория цIунизе буго Москваялдаса щварал хIалтIухъабаз. Бокьахъе рохьоса, дуе бокьараб бакIалдаса цIул къотIизе рес щвеларо, щибаб хозяйствоялъе рикьизе руго хасало бухIизе цIул къотIулел бакIал. Заказникалда аскIоса гIебеде ругел росабазул жамагIаталъе гьединал дандеккунгIутIия рукIине бегьула»,- ян абуна Бадрудин Мусаевас.

Гьединго Бадрудинил рагIабазда рекъон, риидал мугIрузда ругел гIиял къадар дагь гьабизе бугила гьанжеялдаса нахъе. Гьоркьисеб соналъул риидал ЛъаратIа заказникалъул рахьазда гIиял къадар букIанила 100 азарго бетIер. Гьел цIикIине риччаларила заказникалъул тIалабазда рекъон. Щибаб гIиял рехъадул букIине бугила хасаб чIезабураб къадар. (ХIажат ругищ ЛъаратIа леопардал абураб суалалда тIаса пикру цIале аскIоб бугеб колонкаялда).

**Р. АБАКАРОВ**

# Нилъер мугIрузда гIиги гIухьбиги рекъарал гьечIищ?



Гьаб кинаб гIажаиблъи,
ГIумрудул сухъмахъазда
ГIужие щай босулел
Берцинлъиги гьунарги
**М.АхIмадов**

Инсанасул гIумруялда жанибги, сверухъ бугеб тIабигIаталдаги кIудиял хиса-басиял кколел руго.

ЛъаратIа район ккола гIалхул рухIчIаголъабазул ва гъветI-хералъул рахъалъ Дагъистаналда бищунго бечедаб ва некIсияб къагIидаялъ гьел цIунун хутIараб бокIон. Районалъул гIемераб территория бацун буго рохьаз, рохьаздаса тIадехун лъабазарго метралдаса цIикIкIараб борхалъиялда руго гIицIал мугIрузул тIогьал.

ГIурумухъазул жанирлъабазда мукъсаналго рукъзал ва харибакIал руго, инсанас пайда босулел. ЛъагIалил бокьараб мехалъ берцинаб буго гьениб тIабигIат.

Хаслихъе мугIрул рукIуна тIад чит тIибитIарал гIадин. Кьиндал кIиго кьер – хъахIаб гIазулги, бецIлъгIурччинал накIкIигъутIбузулги.

Ихдал ахалъи тIогьо босун, бакълъ канчIгIурччинаб тIамах балел рохьал. ТIадехун берал бецIлъиледухъ бакъуца кенчIезарулел гIазулал тIогьал.

1962 соналъ ЛъаратIа районалда рагьана гIалхул хIайваназул заказник. Гьелъие бихьизабуна район халалъухъе Джурмут гIурудаса Грузиялъулгун Азербайджаналъул гIорхъабазде ва бакъбаккуда Рутул районалде щвезегIан территория. Гьеб битIараб тартибги букIана.

Гьенир рохьазда ва мугIрузда гIумру гьабулел чундул рукIана, ритIучI, бис, багIнас, бел, гIалхул дегIен, ци, бацI, гьединго рикIкIен гIемерал хIанчIи.

ЛъагIалил бокьараб заманалда дурнабиги росун балагьарасда гIагардаго ругел къурабалъ ва мугIрузда рихьула чундул, гьеб букIана Гутонский заказник.

ГьабсагIаталда я заказник лъалареб, я заповедник лъалареб, рохьалги жидехъ ругин, чундулги жидецаго цIунизе кколин абулеб цо организация бачIун буго.

Гьеб рагьиялъ батилаха гьанже лъебелазул рохьазде ва мугIрузде риччалел рагIула ЛЕОПАРДАЛ...

Гьел камун цоги кинабго районалда тIубан букIараб гIадин.

Гьанже хIисаб гьабеха, гьел "БагIараб тIехьалде" росарал хIайваназул цояб чIвани къотIулеб буго, цо миллионги нусазарго гъурушги гIакIа.

Гьел риччан хадур мугIрузда гIиялгун ругел гIухьбузул гьаби рукIине ккола рахсазда. ГIи-боцIи дагь гьабизе кколеб рагIула. Балагьараб мехалъ, дунял бижаралдаса нахъе бисалги, ритIучIалги, риидалил заманалда гIиялгун гIухьбиги рукIарал лъебелазул мугIрулги, рохьалги, леопардалги риччанщинуго нилъ бечелъизарзе къасд бугеб хIукуматалъул бутIрузул.

ГьасагIаталда ЛъаратIа районалъул учреждениял, идараял унел руго цойги районазде. Леопардал ритIулел руго лъебелазул мугIрузде. Бихьулищ бачIун бугеб замана.

Цо рахъалъ хер бецизе унел руччабиги, чуязда хадур унел бихьиналги чIезарула пограничниказ паспортал тIалаб гьарун. Рохьоре ун цIул къотIизеги гьукъулеб батани, магIарда гIи хьихьизеги квал-квал батани, гьаниб бугеб халкъалъ щибдай гьабизе кколеб?

**ХIурматиял районцоял!!!!!**
**ХIажат ругищ нилъее леопардал? Нилъер мугIрузда чундулги, гIиялги, гIухьбиги рекъарал гьечIищ?**

**ОМАРОВ МухIамад,**
*Белъелда росу*

*ислам*

# Хъанчидаса цIва-моцIалде нух

*Насранияб диналдаса исламалде вачIарав районцоясулгун гара-чIвари*



**Ахирал соназда тIолабго дуниялалдаго Ислам босулел чагIи гIемерлъулел руго. Бусурбаби гьечIеб улкаги кибго ракьалда цониги батиларо. ГьабсагIаталда нилъер районалда гIумру гьабулев вуго цебе насраниязул диналда вукIарав, хадуб Исламги босун бусурбанлъарав Александр (Иман) Караванов абурав чи. Жеги гIолохъанав чи вукIаго гьев щвана Исламалде. Гьесулгун гьабуна нижеца гара-чIвари.**

**— Иман, кин мун щварав Исламалде? Сунца мун тIамурав дин босизе ва кин дуда бихьулеб инсанасул Исламалда рекъон гIумру гьаби?**

— Дица гIумру гьабулеб букIана гьавуралдаса нахъе Кострома абураб шагьаралда. ГIумруялъул 16 сон дие букIаго дун цIализе лъугьана гьенив колледжалда. Гьенив дида цадахъ цIалулев вукIана цо чачанав. Хадубккун гьев лъугьана дир бищунго лъикIав гьудуллъун. Гьесдаса дида рагIана тIоцебе ТIадегIанав Бечедасул цIар Аллагьасул гьос абулеб. Щибаб кьоялъ гьос бицунаан дие динисламалъул хIакъалъулъ. Гьеб бугин хIакъикъияб дин, гьелъ инсан битIараб нухде тIамулин. Цо кьоялъ дун ккана цо захIматаб хIалалде, дие кумекалъе цониги чиги ватулев вукIинчIо. Дица хIукму гьабуна Аллагьасдаса кумек гьаризе.

**— Жеги Ислам босичIогойищ дуца хиял гьабуна Аллагьасдаса кумек гьаризе?**

— У, дица пикру гьабунаха, гьениб щибго квешаб жо гьечIин. Гьедин дица гьарана кумек Аллагьасдаса ва кватIичIого дир букIараб захIматаб суалалъе ракIалдаго гьечIого кумек бачIана. Дица гьелъие цо кIвар кьечIо. Цо кинабалиго дандеккей бугилан тана. Хадур цоги захIмалъаби рещтIана диде, щибаб нухалъ дица Аллагьасдаса кумек гьарулеб букIана ва дие гьеб щолебги букIана. Дун дагьбакккун божизе лъугьана Аллагьасда.

**— РукIанищ цоги батIиял гIаламатал мун божизе тIамулел?**

— РукIана. Дица горбода баччулаан хъанч. Цо кьоялъ радал вахъарабго дида гьеб хъанч батана горбодасаги батIалъун хIатIикь. Жибго жиндаго гьеб горбодаса бортизе рес букIинчIо. Дица гьеб мехалъги цо кIудияб кIвар кьечIо. Хадусеб кьоялъ радал жеги батана хIатIикь ккун радал вахъарабго. Гьедин лъабго-ункъо нухалъ батана. Гьеб мехалъ дица эбелалда бицана лъугьараб кинабго жо ва Ислам босизе бугин дицаян лъазабуна. Эбелалъ абуна мун жеги гIолохъанав вугин, армиялда ун хадуб ургьилин гьеб суалалда тIад. Армиялдаги дида цадахъ рукIана Дагъистаналдаса гIолохъаби. Гьезулгун гьудуллъи ккана дир. Гьенив дирдаги цIикIун божана дун Аллагьасда. Армиялдаса щун хадув дица эбелалда бицана дирго мурадалъул ва гьелъ изну кьуна дие Ислам босизе.

**— Щиб дуца тIоцебе гьабураб? Кин дуца Ислам босараб?**

— Дида лъана дица гIумру гьабулеб Кострома шагьаралда мажгит букIин. Гьенив ана ва дун бусурбабаз кутакалда гьенив къабул гьавуна. Цо магIарулав вукIана гьенив, гьес малъана дун как базе, битIун дин гьабизе, диналда данде кколел ва диналъ гьукъарал жал малъана. Дун гIенеккулев вукIана Дагъистаналъул рищунго машгьурал ва лъай бугел гIалимзабазул вагIзаязда. Бищунго дие рокьана СайидмухIамад-хIажи Абубакаровасул, СагIид афандиясул (къ.с), МухIамадрасул СагIадуевасул ва Магьди-хIажи ГIабидовасул вагIзаял. Гьез дир ракIее кIудияб асар гьабуна ва Исламалде тIадеги рокьи бижизабуна. Дие кутакалда бокьана гьезулгун дандчIвай гьабизе.

**— КигIан заман бараб дуца как балеб къагIида лъазабизе?**

— Довго магIарулав вукIана дида кинабго малъулев. Гьес гIодовиччан бичIизабуна кинабго. 4-5 къо бан хадув дун ругьунлъана рагIалде щун как базе. Киналго гьаркьал рахьизеги малъана дун тIагьирица. (ТIагьир букIана гьесда цIар).

**— Кинаб асар дур ракIелъе лъугьараб как базе ругьунлъун хадув, как балеб мехалда?**

— Дир ракIелъе цо хасаб тIадагьлъи бачIана. ХIузуралда чIараб мехалъ дица пикру гьабула кигIан кIудияб ва гIорхъи гьечIеб къуватгун хIалкIолъи бугеб ТIадегIанав Аллагьасул. Дида бичIана кинаб талихI дие щвараб Исламалде щун хадув Аллагьасе гIибадат гьабизе. Дие гIодизе бачIулеб букIана. РагIабаздалъун гьанже бицине захIмат буго дие накабазда чIарабго дир ракIее щолеб асар.

**— Щиб батараб дуда тIокIаб батIияб-цIияб жо Исламалда? Аллагьасе гIибадат гьабизе щвей гуреб тIокIав мун сундаса вохарав вугев дин босун хадуб?**

— Дида лъана телевизоралдаса бихьизабулеб Исламги, хIакъикъияб Исламги батIи-батIияб букIин. Исламалъ сунде ахIулел ругел ва кинал тIалабал гьелъул ругел. Дида бичIчIана битIараб Исламалъул нухда вугев чиясе ахират лъикIаб щвей гуреб, ракьалда гIумру гьабизеги кIудияб бигьалъи бугеблъи. Сундаса дун жеги вохарав вуго абуни, дун гьавураб, гIураб ракьалда дица Исламалде рачана 9-10 гIанасев чи. Дида кIвана гьезда Ислам битIараб дин бугеблъи бичIизабизе. Гьел киналго рукIана насраниязул динги бугел, дунго гIадал гIурусал. Дида цадахъ цо шагьаралда гIурал.

Гьеле гьеб ишалдаса дун цIакъ вохаравги вуго, альхIамдулиллагь.

*история*

**АхIулгохIда ккарал гIассиял рагъазул ва лъугьа-бахъиназул гIахьалчилъун вукIарав гIалим Къарахъа МухIаммадтIагьирица жиндирго «Магъазиялда» хъвалеб буго: «АхIулгохIда букIараб гъазаваталъул гIатIидго хъвазе рес букIарабани, биццатаб, кIудияб тIехь лъугьинаан, цIалдолезул ракIал рухIизарулеб ва гIенеккаразул бадиса магIу чвахизабулеб», - ан.**



# ШаргIияб пачалихъ – «ИМАМАТ» гIуцIи

Муъминзабазе камиял ккараб, захIмалъи-кьварилъи бихьарал кьоязда, тушманасе жеги цIикIкIун камиял ккана. Хадуб Шамилил наиблъун вахъарав, гьеб заманалда гIурусазул хъулухъалда вукIарав Даргъоса Жаватханица бицана: «Гьизляр-хъалаялда вукIаго, дихъе щвараб цо документалда хъван бугоан, цохIо АхIулгохIда ккарал рагъазулъ гIурусазе лъебералда лъабазарго чи камуна», - ян. Гьелда щаклъизе бакIги гьечIо, щайгурелъул мухIканаб хIужа бугелъул цохIо кьоялъ тушманасул щуазарго чи чIванин абураб. Гьединго бицуна, тIубараб полк солдатазулгун гьужумалъ арав пачаясул полковник Пулло, тIадвуссун вачIанин гIицIго кIиго солдатгун.

Имамасде рещтIарал Аллагьасул рахIматал Жинда Аллагь разилъаяв Къарахъияс хъвалеб буго: «АхIулгохIда ккарал балагьаздаса хвасарлъун хадуб, дунялалъул рокъоб имамасул даража ва къадру цIикIкIунеб букIана. Гьесде тIаде чвахулел баракаталгун рахIматал гьоркьоса къотIичIо жакъа кьоялде щвезегIанги. Кинабго гьебин абуни лъугьунеб букIана Шамилидехунги гIадамаздехунги бугеб Аллагьасул цIобалдалъун. Гьединлъидал, хьул буго ТIадегIанав Аллагьас, Шамилил сиясатги (политика) гьесул гъазаватазул пайдабигун хIасилал имам Магьди загьирлъун, гьевгун цолъизегIан гьаб дунялалъул гIумру халалъун ккезабилилан.

Аллагьасул калам – Къуръаналдаги бугелъул гьаб магIнаялъул аят: «ГIадамазе пайда бугеб жойилан абуни, гьеб халатаб заманаялъ ракьалда хутIула», - ян. Кинха нилъер хьулги букIинареб, Шамилил гъазаватазул баракат тIибитIаралъул Макка-Мадинаялдеги Балхагун Бухараялде щвезегIанги. Гьенир ругел шайихзабаз дугIаби гьабула имамасе бергьенлъи ва гьесул иш цебетIей гьарун. ЧIаралдаса ХIажи ДегIенгIалица бицана, Сибиралдасаги лъутун жив Бухараялде щванилан. Гьесда гьениб бихьула Бухараялъул султIан щибаб кьойил бакъанигIужалъ МухIаммад Накъщубандиясул зияраталде хьвадулев ва шайих Шамилие дугIа гьабулев. Гьесул дугIаялъеги киналниги гIадамаз, хIатта базаралда ругезигцин «амин» бачунеб. Гьебго жо бицана ДегIенгIалидаса хадуб Сибиралдаса лъутун Бухараялде щварав Къараханица. Жеги гьес тIаде жубана, жинца гьикъанин гьедин султIанас дугIа гьабиялъе гIилла- хIикмат щибилан. Гьесие жаваб кьола, Бухараялъул бетIерасухъе кIиго чапар вачIанин бетIерчIахъаяв шайих Шамилил рахъалдасан. СултIанас гьезда гьикъула: «Нужер мурад щиб бугеб, гIарцул кумекищ хIажат бугеб, гIадамалищ яги рагъул сурсаталищ»,- ан. Чапарзабаз жаваб кьола: «Шайих Шамилица гьарулеб жо гIицIго дугIа гьаби буго МухIаммад Накъщубандиясул зияраталда цебе», - ян. Гьелъие гIоло Бухараялъул бетIерас гьеб кагIидаялда дугIаги гьабулеб букIун буго.

Хал гьабеха, имамасул мурадалъул. ГIадамазулниги яргъил сурсатазулниги кумек гьаризе рес букIаниги, гьес тIаса бищана муъминзабазул дугIа. ХIадисалдаги бугелъул: «ДугIа – муъминчиясул ярагъ буго», - ян. Гьелде тIадеги, гьес тIалаб гьабуна Накъщубандиясул зияраталда дугIа гьаби, щайгурелъул Аллагьасул вализаби гьоркьоб ккун гьабураб дугIа Аллагьас къабул гьабизе цIикIкIун рес бугеблъун букIунеблъидал. Имам Шамил тасавуфалъул агьлу вукIараблъи баян гьабулел рикIкIен гIемерал хIужабаздасанги ккола гьаб рехсараб хIикаят.

Гьанже нилъ тIадруссинин имамги гьесул гьалмагълъиги Чачаналъе щвеялъул биценалде. Алмахъазул ракьги тун, Чачаназул Зандакъ росдал ракьалдасан унел рукIана муридзаби. Гьездаса лъикIаланго церегIан унел рукIарал Шамилги Юнусги тIаде ккола харилъ вегун вугев цо херав зандакъалъуласде. Гьел аскIор гIодор чIедал херав макьидаса ворчIула. Имамас гьудуласда абула гьасие кьезе гIадаб жого гьечIищилан. Юнусица белъараб гIиял гьанал кесек бегьула херасухъе. МагIарухъа рачIарал чагIи рукIин лъайдал, тIоцебесеб иргаялда, зандакъалъулас Шамилил хIакъалъулъ цIех-рех гьабула. Шамилица кверaз ишан гьабун бичIчIизабула гьесда, дов чIван вугилан. Херав кутакалда гIодула ва лъавудаса арав гIадин гIодов ккола.

Шамилги Юнусги ун дагьаб заманалдасан гьесде тIаде гIунтIула хутIараб гьалмагълъи. Гьездаги цIехола зандакъалъулас Шамилил хIакъалъулъ. Гьез гьесда бичIчIизабула, дуда аскIор рукIарал кIигоязул цояв имам вукIанилан. Гьеб рагIарабго херав зандакъалъулав векерана дов кIиясдаго хадув. Гьеб гIужалъ хIухьбахъизе гIодор чIарал гьезде тIаде гIунтIула бетIералда тIагъурги гьечIого, гьека-пунщиялда векерун вачIарав херав. Гьев Шамилил накабазда цевеги кIусун гIодула. Имам кутакалда ракI кварилъун лъугьуна ва ракI бухIула гьедин жив вокьун, жив чIван вугин абураб хабаралъ гьеб кьо чIарав зандакъалъуласда. Къасиялде муридзаби щола Таттахи (Даттых) абулеб росулъе. Таттахалъулаз кIудияб адаб-хIурматалда лъабго кьоялъ гьоболлъи гьабула гьезие. ХIатта гьезул цояс, Шамил хьубал тушбабазухъа ворчIун хвасарлъани хьвезе назру гьабун букIараб оц хьола ва муридзабиги кинабго росдал агьлуги кваназарула.

Гьениса рахъун Беноялде (магIарулаз гьеб росдаде Баян абула) рачIуна имамасул гьалмагълъи. Беноялъулазги кIудияб къадруялда къабул гьарун гьобоьлъи гьабула гьезие. Гьенив имамасе 1839 соналъул къоабилеб ражабалъ гьавула вас МухIаммадшапигI. Гьавун анкьабилеб кьоялъ Шамилица васасдасан гIакьикъ хьола. Гьенисаги рахъун щагIбаналъул моцI цIилъараб кьоялъ имам рещтIуна Ведено росулъе. Гьенир хьизан-лъималги тун, гьалмагълъигун Шамил вахъуна гьеб гIумру гьабун чIезе санагIатаб бакI балагьизе. Сверухълъиялда халшал гьабун хадуб муридзабазул ракI рекъола Шатой (Шубут) округалда бугеб ГIушкорти (Гуш-Керт) росдада.



Веденоса къватIиве вахъараб хIалалдаго жинде дандчIвай гьабизе вачIун вукIарав ШагIбан абулев лъикIав гьоболасул бакIалда чIей гьабула имамас. Хадуб щагIбаналъул анцIабилеб кьоялъ гьев ЩагIбаница хадувги ун рачун рачIуна Шамилил агьлу-хьизанги. Гьесда цадахъ ГIушкортиб чIчIей гьабуна микьго чияс: имамасул гьудул Юнусица; имамасул хъулухъчи СалихIица; гьацIал - лъукъарав Худанатил МухIаммадица, Баладица ва Гьиматица; гьарадерихъел – лъукъарав НургIали ва МуртазгIали; лъукъарав Балахьуниса Муса. Гьенир Шамилихъе рачIана цIар бугел чачаназул бахIарзал ЦIамутариса ШугIайбги, Даргъоса Жаватханги.

Шамилица хIехьараб кьоги, гьесие ккараб камиги бихьун, Жаватханица гьесда абуна: «Цересел гьалмагъзабаздаса ватIалъунилан мун пашманлъуге. ЦIидасан духъе мустахIикъал гIадамазул лъабазарго чи вакIаризе вуго. Дуца бокьараб амру гьабе, дун гьеб тIубазе хIадурав вуго», - ян. Гьеб соналъул ахиралда ЦIамутариб букIараб чачаназул къавмазул мажлисалда чачаназ Шамил жидерго имамлъун вищана. Гьелдаса нахъе чачанал, кьокъаби гьарун, имамасухъе рачIине байбихьана. Цояз абулеб букIана жал дуца абураб бакIалде гочине хIадурал ругилан, цогидаз имам жидехъего ахIулев вукIана. ГIурусазул зулму рихарал Гьоркьияб Чачаналдаса гIемерал гIадамал рачIана имамасухъе.

Шамилица хIукму гьабуна чачаназул лъарагIлъиялде шаригIат лъезе ине. Ахъбердил МухIаммад ва цогидал цересел гIадамалги рачун, шоботдерил гIадамазул кьокъаги гьабун, имам гьениве ана. Шоботалъулаз имам, аскIове чи къазе гьукъун, цIунулев вукIана. ЛъарагIлъиялда ругел чачаназ имамасе лъикIаб гьоболлъи гьабуна, шаригIатги къабул гьабуна. Цо-цоял Шамилихъе рачIунаан жидеего гIурусаз кьурал чиналги росун, имамасда цере гьелги тIутIун ран, гьедулаан жал гьесие мутIигIал ругилан. Шали ва Герменчик росабазул гIадамазда имамас лъазабуна капурзаби рачIине захIматаб бакIалде – рохьазде гочине кколилан. Гьел жамагIатал гочиндал, имамас гьезде амру гьабуна жидерго росаби рухIеян. Имамасул амруги тIубазабун, чачаназ жидерго росаби рухIана.

Шамил имамас чачанлъи ункъиде бикьана. Гехиялъул наиблъун Ахъбердил МухIаммад, Мешкиялда – ШугIайб, Шали - Герменчикалда – Жаватхан, ГIавухъалда – ТашавхIажи тана. ХарачIой росдал гIадамал мутIигIлъиларин лъугьиндал, гьениб питна-кьал ккана ва харачIоязул чанго чиги чIвана. Гьенир Шамилихъе магIарухъа гIадамал рачIана. Имамас гьезда бадибчIвай гьабуна: «Дица ахIараб мехалъ нуж рачIинчIо. Гьанже нуж дие хIажат гьечIо, рокъоре тIадрусса. Чадил кесек гьарулев гьардухъан нахъе гьуразда релъун руго нуж. Гьардухъан лъикIаб кваница гIорцIидал, рохьдолъ тIерхьараб чадил кесек босун, рачIун руго», - ян.

Гьелдаса хадуб, гьел ракьазда цIи тарал наибзаби, ШугIайбидаги Жаватханидаги имамас амру гьабуна, магIарухъа рачIарал гIадамал кодоб бугеб жоги бахъун нахъе ритIеян, мурадасул цIаралде дагIба баравги гIалимчи вугилан абулелги ратани, чIванги рехеян. Гьел наибзабаз, пихъихъ хисун тIоцел босизе рачIарал гIандисезухъа, бакълъулазухъа ва кIаралазухъа чуял рахъула. Наибзабазе кумекалъе гьеб ишалде гьорлъе лъугьуна ГIуркIачIиса шагьид Муртазаласул МухIаммадил ГIолохъабан вас Муртазаги цогидал муридзабиги.

Шамилица гьединаб амру гьабиялъе букIана кIиго гIилла. ТIоцебесеб, АхIулгохIда кварилъи-захIмалъиялда ругел гьазизабазе кумекалъе цогидал гIадамал рачIинчIолъи ва гIалимзабаз жидер вагIза-ахIиялдалъун гIаммаб халкъ гьазаваталде бахъинабичIолъи. КIиабилеб, доб заманалда гIемерисел дагъистаниял, хасго хьиндаллъиялда яшав гьабун ругел гIадамал пихъгун рачIунаан тIорщел гьарзаяб Чачанлъиялде хиса-баси гьабизе. Гьеб гьабизе рачIарал дагъистаниял кодоб бугеб жоги бахъун нахъе ритIулеб амру имамс гьабуна, гьел мутIигIлъизариялъе гIоло.

Гьелъул кIудияб хIасилги ккана, цере рехсарал магIарул округазул гIадамал гIезегIанго кIвекIун тамахлъизаруна ва ахиралда гьел имамасул амрабазе мутIигIлъана.

*к вашему сведению*

## Уважаемые жители Тляратинского района ОМВД России по Тляратинскому району призывает граждан во избежание очередей пользоваться порталом «Госуслуги»

**ОМВД России по Тляратинскому району обращает внимание граждан на то, что государственные услуги, предоставляемые ведомством, можно получить в электронном виде, избежав тем самым потери времени в многочасовых очередях перед кабинетами ответственных работников.**

ОМВД осуществляет предоставление госуслуг в электронном виде по многим направлениям. Среди них – выдача справок о наличии или отсутствии судимости, регистрация автотранспортных средств, прием квалификационных экзаменов у кандидатов в водители и выдача им водительских удостоверений, регистрация сообщений о происшествиях, ряд госуслуг в сфере частного охранного бизнеса и оборота гражданского оружия и ряд других.

Кяак отмечает начальник ЦЛРР УФСВНГ России по Республике Дагестан полковник полиции Томилин К.Е., граждане привыкли действовать по старинке и предпочитают стоять в очередях: «Такой порядок обращения у нас в республике пока остается на неудовлетворительном уровне — очень малое количество граждан обращается к нам через портал "Госуслуги", несмотря на то, что процедура достаточно удобная. К сожалению, не все граждане об этом достаточно осведомлены».

Граждане должны лишь зарегистрироваться на портале государственных услуг РФ www.gosuslugi.ru. И затем просто зайти на официальный сайт госуслуг, выбрать необходимый раздел, оформить заявление и получить услугу.

«После заполнения в соответствующей электронной форме обязательных сведений (ИНН, ФИО, СНИЛС, дата рождения и т.п.) гражданин получает код активации, с помощью которого у него появляется возможность войти на портал "Госуслуги" и воспользоваться всеми предоставленными сервисами. Там же можно оформить заявку на услуги по линии Госавтоинспекции и Информационного центра.

К примеру, с помощью портала можно будет подать различные заявления на получение той или иной услуги – от оформления водительских прав до оплаты штрафов. В оформленном заявлении будет указано время приема, к которому вам следует явиться для получения услуг.

Единственное, что необходимо сделать заявителю – предоставить оригиналы документов ЦЛРР МВД по РД.

Граждане, которые оформляют лицензии через портал государственных услуг, обслуживаются вне очереди и при подаче заявления о предоставлении государственной услуги с использованием сети Интернет, заявитель имеет возможность получения сведений о ходе выполнения своего запроса о предоставлении государственной услуги. Это также на руку тем жителям, которые живут в различных районах республики. Они смогут, находясь у себя дома получить любую государственную услугу оказываемую министерством внутренних дел Дагестана в электронном виде. От них только требуется приехать в МВД для получения готовой лицензии или справки.

В настоящее время ЦЛРР России по РД оказывает 28 государственных услуг, связанных с оборотом оружия и частной охранной деятельностью. Это и получение лицензий на право хранения, ношения оружия, выдача лицензий на частную охранную деятельность, удостоверения частного охранника, разрешение на открытие частного охранного предприятия и т.д.

На портале дано описание каждой государственной услуги, включая полное официальное название, требования по срокам оказания, категории получателей государственной услуги, оплата государственной пошлины. Обозначен подробный список необходимого перечня документов по каждой государственной услуге. Кроме того, указано описание «смежных» услуг. Например, кроме услуги на выдачу удостоверения частного охранника даны описания смежных услуг, таких как продление срока действия удостоверения, внесение изменений в удостоверение.

«В прошлом году Центром лицензионно-разрешительной работы от жителей республики поступило более 33 тысячи заявлений по госуслугам, из них в электронном виде лишь 870, а в общем за три года действия этой услуги всего было 986 заявлений в электронном виде», – привел данные Томилин.

Он добавил, что будут постоянно проводиться мониторинги качества обслуживания граждан, насколько быстро и эффективно все прошло, насколько вежлив был сотрудник подразделения. На основании этой оценки впоследствии будут делаться выводы о работе того или иного подразделения.

На официальном ведомственном интернет-сайте МВД по Республике Дагестан в рубрике «Госуслуги, оказываемые гражданам» опубликована ссылка на сайт «Ваш контроль.ру», где граждане могут оставить свой отзыв о качестве предоставленной государственной услуги в МВД по РД в электронном виде.

Что же касается Госавтоинспекции, то в соответствии с действующим законодательством подразделения ГИБДД осуществляют предоставление государственных услуг, в том числе и в электронном виде, по следующим направлениям: регистрация автомототранспортных средств и прицепов к ним (предварительная запись, подготовка документов, печать платежных документов, получение сообщений); прием квалификационных экзаменов и выдача водительских удостоверений (предварительная запись, подготовка документов, печать платежных документов, получение сообщений); предоставление сведений об административных правонарушениях в области дорожного движения (просмотр актуальной информации о правонарушениях и оплате штрафов).

Начальник отделения по регистрационно-экзаменационной работе Управления ГИБДД, майор полиции Магомед Алигазиев отметил, что основной функцией в системе госуслуг является регистрация транспортных средств, а также выдача и замена водительских прав.

«И в данном случае можно не стоять в очереди, а подать заявку на портал госуслуг. При этом человек сам может выбрать удобные ему дату, время и место. Проверка его документов пройдет предварительно, что существенно сократит время», – сказал он.

Кроме того, с помощью портала можно получить услуги, предоставляемые Информационным центром МВД по РД: выдача справок о наличии (отсутствии) судимости, справок о реабилитации жертв политических репрессий, по выдача архивных справок.

Гражданам предоставлена возможность для получения справок о наличии (отсутствии) судимости обращаться не только в Информационный центр МВД по Республике Дагестан, но и в МФЦ.

Таким образом, в настоящее время гражданину для получения государственной услуги от МВД России требуется предъявить минимальное количество документов, как правило, имеющихся у него на руках. Большая часть сведений и документов запрашивается через систему межведомственного электронного взаимодействия в федеральных органах исполнительной власти, где она имеется.

Хотелось бы еще раз подчеркнуть, о преимуществах пользования Порталом государственных услуг(www.gosuslugi.ru) и получения госуслуги в электронном виде: сокращаются сроки предоставления услуг (до 20 дней по линии центра лицензионно-разрешительной работы и до 15 дней по линии информационного центра, когда в порядке живой очереди срок получения госуслуг составляет 30 дней); уменьшаются финансовые издержки граждан и юридических лиц.

**ГАДЖИЕВ М.Х.,
капитан полиции.
Ответственный по оказанию госуслуги ОМВД России по Тляратинскому району**

## ИНФОРМАЦИОННЫЙ МАТЕРИАЛ

### «О ЗАДАЧАХ, ОПЕРАТИВНО-СЛУЖЕБНОЙ ДЕЯТЕЛЬНОСТИ ПОДРАЗДЕЛЕНИЙ СЛУЖБЫ И ПРАВИЛАХ ПОГРАНИЧНОГО РЕЖИМА»

Охрана государственной границы является составной частью защиты государственной границы и осуществляется пограничными органами федеральной службой безопасности в пределах приграничной территории в целях недопущения противоправного изменения прохождения государственной границы, обеспечения соблюдения физическими и юридическими лицами режима государственной границы, пограничного режима и режима в пунктах пропуска через государственную границу.

Пограничная зона является составной частью территории Российской Федерации, непосредственно прилегающей к государственной границе, в пределах которой устанавливается и действует пограничный режим, служащий исключительно интересам создания необходимых условий охраны государственной границы и включающий правила въезда (прохода), временного пребывания, передвижения, производства работ в пограничной зоне, пользования водами российской части пограничных рек, озер и иных водоемов, производственной деятельности во внутренних морских водах и в территориальном море Российской Федерации.

Служба в поселке Хунзах напоминает жителям приграничных районов Республики Дагестан о том, что в соответствии с законом РФ от 1 апреля 1993 года № 4730-1 «О государственной границе России» на территории Республики в пределах пограничной зоны, установленной приказом ФСБ России от 2 марта 2006 № 82 «О пределах пограничной зоны на территории Республики Дагестан», действует пограничный режим, правила которого определены приказом ФСБ России от 15 октября 2012 года № 515 «Об утверждении правил пограничного режима» (с изменениями, внесенными приказом ФСБ России от 18 ноября 2013 года № 682).

В соответствии с п.п. 1.2.1.2., 1.2.1.4. данного приказа граждане Российской Федерации, иностранные граждане, лица без гражданства осуществляют въезд (проход) в пограничную зону по документам, удостоверяющим личность, индивидуальным или коллективным пропускам, выдаваемым ПУ ФСБ России по Республике Дагестан или Службой в поселке Хунзах.

Для получения пропуска и разрешения на хозяйственную, промысловую и иную деятельность в пятикилометровой полосе местности, подачи уведомления об осуществлении хозяйственной, промысловой и иной деятельности в пограничной зоне граждане Российской Федерации, иностранные граждане и лица без гражданства должны обратиться в ПУ ФСБ России по Республике Дагестан (Республика Дагестан, г. Каспийск, ул. Пограничная д. 1),

Служба в поселке Хунзах (Республика Дагестан, Хунзахский район, п. Арани), либо в ближайшее подразделение Службы в поселке Хунзах, дислоцированное в приграничном районе.

В соответствии с п. 2.1. вышеуказанного приказа хозяйственная, промысловая и иная деятельность, в том числе охота, содержание и выпас скота, проведение массовых общественно-политических, культурных и других мероприятий в пограничной зоне осуществляются:

в пределах пятикилометровой полосы местности вдоль государственной границы на основании разрешения, выданного ПУ ФСБ России по Республике Дагестан или Службой в поселке Хунзах.

- в остальной части пограничной зоны - с письменного уведомления ПУ ФСБ России по Республике Дагестан или Службы в поселке Хунзах, подразделений, дислоцированных в приграничных районах.

Напоминаем, что нарушение правил, установленных законодательством РФ, приказами ФСБ России влечет за собой привлечение нарушителей к административной ответственности.

Убедительная просьба ко всем жителям приграничья: своевременно оформляйте разрешения на ведение хозяйственной деятельности в пятикилометровой полосе местности вдоль государственной границы и письменно уведомляйте подразделения пограничных органов об осуществлении хозяйственной деятельности в пограничной зоне.

## Есть контакт-центр! Звоните!

**Уважаемые жители Тляратинского района!**

Территориальный фонд обязательного медицинского страхования Республики Дагестан информирует о том, что с 1 июня 2016 года начал свою работу Контакт-центр в сфере обязательного медицинского страхования, объединяющий в единую систему фонд и все страховые медицинские организации, работающие в республике.

По единому бесплатному телефону Контакт-центра **8-800-222-29-05** можно задать любые вопросы, относящиеся к сфере обязательного медицинского страхования.

Помимо оказания справочно-консультативной помощи в числе функции Контакт- центра: принятие мер в случае, если пациенты не удовлетворены медицинской помощью, проведение телефонных опросов по итогам рассмотрения обращений, анализ поступающей от граждан информации для улучшения доступности и качества медицинской помощи.

**Контакт-центр работает в режиме многоканального телефона с 9.00 до 18.00 с понедельника по четверг, с 9.00 до 16.45 в пятницу, а с 18.00 до 9.00 и в выходные дни - в режиме электронного секретаря.**

Если звонок осуществляется в выходные дни или нерабочее время, то сообщение будет принято в режиме электронного секретаря, а также в случаях, когда все операторы заняты, специалисты Контакт-центра свяжутся с Вами в часы работы и дадут консультацию по интересующему вопросу.

**Также по вопросам, относящимся к сфере обязательного медицинского страхования, вы можете позвонить работникам Тляратинского филиала ТФОМС РД на номер- 8 988 267 21 78**

ПОЛЬЗУЙТЕСЬ СВОИМ ПРАВОМ НА БЕСПЛАТНУЮ МЕДИЦИНСКУЮ ПОМОЩЬ!

## Лъазабиял

Январалъул байбихьудаса нахъе, щивав чияс жиндир рокъоб бухIараб токалъул гIарац кьезе бегьула почалъул отделениялде. Пемерисел росабазул администрациязулги руго жидерго почалъул отделениял. Гьединго гIарац кьезе бегьула ЛъаратIа почалдаги.

* * *

ТIоцебесеб февралалдаса нахъе инвалидазе ва хIалтIуларел пенсионеразе гIарац цIикIунеб буго 5.4 проценталъ. Гьоркьохъеб хIисабалда 10000 гъуруш пенсия буго чиясе гьелда тIаде щолеб буго 540 гъуруш гIарац. ХIукуматалъул хIалтIуда ругел пенсионеразе тIаде гIарац цIикIулеб гьечIо.

Редактор:
**Раджабов Расул Абакарович**
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрациялъул ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ
Рег. № 0106

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан
Тляратинский район,
с.Тлярата
**Тираж 1100 экз.** **Индекс: 51372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу:
г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать:
по графику: 19.00
фактически: 19.00 15.02.2017
Заказ ___________